Соколёнок

# Лачен

1/2022
январь – февраль

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



## 2022-й Год Образования в Дагестане

[illegible]

# Редакциялъул рахъалъ баркалаялъул калам



Нилъер лъималал нилъерго мацIалъ цIалдезеги, цIаларалъул хIисаб гьабизеги, нилъер гIадатал-гIамалалде ругьун гьаризеги кумек букIинин ккола чIахIияб гIелалъ гьелде кIвар кьолеб бугони. Гьелъул лъикIаб хIасил ккела эбел-инсуцаги мугIалимзабазги гьелъул кIвар бичIчIизабулеб бугони. Гьединго ракIчIараб кумек букIинаан гьез лъималазе цебе гIадин, маргьаби, харбал рицунел ругони, жидедаса гIакълу щолел кучIдул рекIехъе лъазаризе тIамулел ругони. Гьелъул цо бутIаниги нужеда батила гьаб журналалъул тIамчазда.

Журнал хъваравщинав пашманлъилариланги хьул буго нижер. Гьеб хъвазе кидаго кумекалъе ратулел, нилъер миллатги мацIги хириял, нилъер адабиятги маданиятги лъикI бичIчIулел, гьелъул магIнаги лъалел, гьелъ куцан гIурал гIадамал нилъеда гьоркьор гIезегIан ругелъул, рохизе бачIуна. Гьединаллъун ккола щибаб соналъ, цохIо жидер лъималазе гурелги, жиде-жидер школазеги гьеб хъвазе кумек гьабулел гьалмагъзаби: филологиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад МухIамадов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул Унсоколо районалъул рахъалъ депутат МухIамад МухIамадов, ЛъаратIа районалъул ТIохьотIа росдал почалъул нухмалъулесул заместитель, районалъул Собраниялъул депутат ГIумар ГIумаров, Унсоколо районалъул Унсоколо росдал тIоцебесеб школалъул директорасул лъайкьеялъул хIалтIул рахъалъ заместитель Нажават ГIалиева, гьебго росдал кIиабилеб школалъул директорасул лъайкьеялъул хIалтIул рахъалъ заместитель МухIамад ГIабдулаев, Хьаргаби районалъул КIикIуни росдал школалъул байбихьул классазул учительница Аминат Шарипова, МахIачхъалаялъул 11 гимназиялъул авар мацIалъул мугIалим, журналист Шамай Хъазанбиева, шагIирзаби КъурбанмухIамад МухIамадов, Умарагьи СалихIова, ГIалихIажи МухIамадов, ГIаишат ГIалиева, Гумбет районалъул Искусствалъул школалъул хореограф Нуцалай ГIабдурахманова ва цогидалги гьалмагъзаби. Гьединал гIадамазул сахаватлъиялдалъун цIунун бугин жакъа гьаб журналиланги абизе бегьила. Нижеца гьанир рехсаразеги рехсечIого хутIаразеги ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго гьез редакциялъе гьабураб кумекалъухъ. Хадубккунги лъикIал ишазе квербакъизе икъбалги, гьираги, ресбуголъиги гьарула, нужее, хириял гьудулзаби!

Исанаги нужер кумекалдалъун гIемерал лъимал рохила, гьаб берцинаб журнал жидеего ракIалдаго букIинчIеб сайгъатлъун лъугьиндал. Баркалаги кириги нужее, хIалчIахъун, сахлъи щулалъун, рикIкIен гIемерал сонал ругеб гIумру кьун таги нуж, хIурматиял!






МаркIачIулъ чирахъ свана,
Садикалда бецIлъана.
ЦIа бакун, расандулел
Састун, лъимал кьерана,

Ясли-садалъул ада,
Квер квашун, цее къана,
Фонарик бакунгIаги
Канлъи гъабизе ана.

Лъимал рокъой рачине
Баба, дада рачIана,
РетIел, хьитал ретIине
ГьитIичал гIедегIана.

— Баба, Саки-адаца
Ниж хIинкъизе риччачIо,
Къурщица тIанчIи гIадин,
Къвал бан, данде рачана.

Чан цIакъаб маргъуха гьелъ
Бицараб, ниж руссине,
Сунарикги бакун лъун,
Кваназе ракIараб!

«СунарикгIаги щиб» — ан,
Шамай-ада елъана,
Расги елъугейилан,
Расим цевегIан къана,

Мокърукьеги къетIеги
Килищ битIун кIалъана:
— Доб — сунеб чирахъ ккола,
Гьадаб — сунарик ккола.

# Хаджаматил кучIдул

1.

Шагьаралда чIунилан,
ЧIухIун дун хьвадуларо,
Дица гIака бечIчIула,
Бачиеги бикьула.

ТIорахь тIаса босула,
Нису бахъизе лъала,
Нах къвакIула, хIан къала. –
Рахьдал нигIмат къачIала.

РодатIа ролъги буцун,
ТIагIамаб панкъ бежула.
Гьай,  баркаман, ва, лъимал,
РачIа нужги кваназе!









2

Дун кIвахIалай яс гуро,
Бабада хьолбохъ чIола,
КIудадайгун бабуе
Кумекалъе йортула:

ГIисинал дир квераца
ЦIурахинкIал руцIцIуна. –
Ясазда рекъанщинаб
Махщалий ругьунлъула.

Бече, кьегІер бокьула,
Чахъу, бурутІ хьихьула,
ГІанкІу, ордек, гургурал
Дида сверун гурула.

ГьитІинай яцалъулги
ТІалаб дица тІубала,
Гьелъул гогьлъи, мекъдари
БарщичІого, хІехьола.

КІарчамго реэдула,
Дир мацІ гьезда бичІчІула.
ХІайван, хІанчІи хириял
Лъимал лъикІал рукІуна.




*Хьаргаби районалъул Мурада росдал школалъул цІалдохъан Юнусова Хадижатие КІудияб ВатІанияб рагъул хІакъалъулъ хъвараб сочинениялъе тІоцебесеб бакІ щвана.*

# Яхъа, яхъа, Зугьайрат

(ГІанкІу-хІелказул кечІ)

Яхъа, яхъа, Зугьайрат,
Рогьун буго сордоги,
БухІун щун буго бакъги,
Ракъун руго нижгоги!

Тукаде рачІаразул
Иргаги гІолеб буго,
Амма мун кьижун йиго,
Яхъа, яхъа, Зугьайрат!

Цо дуда божун ругел
ХІайваналгун гІадамал,
Ниж ракъизе гьаруни,
ХІакъ букІина, Зугьайрат!

Рогьиналдего яхъун,
Дуца ругьун гьаридал,
Жакъа яхъине кватІи
Кинго бичІчІулеб гьечІо.

Яхъа, яхъа, Зугьайрат,
Ракъун руго, Зугьайрат.
Ролъул сахІ нижей чІехье,
Цингиги тукен ричІе!



# ГьитIинай



Эбелалъул вацгIал кидаго гIи-цIцIани хьихьун, гIалахалде-нахъе хьвадулев вукIунаан. Цонухалъ гьес, гьурмадасан чIегIерал мухъалги ругеб, цIахIилаб кьера-лъул гьитIинаб бурутI кьун бачIана дие. Дир гьеб мехалъ букIараб рохел! ЧIагояб расанкIолъун бихьун букIана дида гьеб. КатитIинчI гIадин, кодоб ккун букIунаан, шишаялъусан рахь-ги кьун хьихьулаан. Цогидаб цIелжо гIадин, тIурузаб, бихха-хочарабги гьеб букIинчIо. Гьелъул недегьлъиялъги батила дица гьелъие ГьитIинай абун цIарги кьун букIараб. Дие гьеб гIадин, дун гьелъиеги хиралъун йикIана. Цоги-ял вацал-яцаз цIар ахIаниги, кваназе жо кьолеб букIаниги, гьеб гьираго гьечIого гIадин, унаан гьезда аскIобе. Школалде араб мехалъги, кидадай дарсал лъугIилаян, ракI гIедегIун йикIунаан, бурутIгун ясандизе щвезе. Амма рокъосезул гIарз гIемерлъулеб букIана, кидаго буртIиде йиссун йикIинчIого, лълъим баччизе, рукъ лъухьизе, цоги-цоги малълъараб гьабизеги заман батейилан.

Гьедин абулеб букIаниги, дир цIикIкIарасеб заман буртIиде ракIгъун унеб букIана.

Цо-цо мехалъ, гьелъие ххарил яги тIадал магъ баччизе бокьичIого, росдадаса рикIкIада бугеб нижерго ахикь, кварица хIетIеги бухьун, бахариб ххарилъ кваналеб букIаянги толаан гьеб, къаси рокъобеги бачинчIого. Нахъияб къоялъ ахда дандбитIараб нухде яккигун «ГьитIинай!» абун дица ахIарабго, данде ахIдезе лъугьунаан ва эбелалъухъ лъи-

мер гIадин гIодулеб бугилан ккезабулаан гьелъ.

БурутI, дир гьелдего гIадин, диде ракIщунги батулаан. Бохун гIадин, махIабазда бетIер лъурлъудизабулаан, жиндиего хинчI-чед бачIун бугищали, хъатинебе баккун, кверал чIикIизе лъугьунаан.

Цо-цо хъасдезеги лъугьунаан бурутI. «Киса букарун бугеб, ГьитIих!? - илан гьикъани, цин цояб, цинги цогидаб хьибил бихьизабулаан. Цинги дицаги гьелъие кумек гьабун, гьеб хъасулаан, мугъ, бетIер лъухьулаан.

КIиго-лъабго соналъ, гьедин лъикI хьихьун букIаниги, гIемерго кIудиябги гIечIо дир бурутI. ХIалакъаб гьечIониги, лагикъаб хутIун букIана. Лълъурдулги гьелда раккичIо, гъвала тайпаялъуб букIун буго гьеб.

Дуцадила, ГьитIинай абун цIарги кьун, кIудияб гIечIин эбилан, рукIунаан дида рокъосел. ГIемерго бокьиялъ, къакъан, тIаде гIезе биччалеб гьечIиланги семулаан цо-цо.

Цо нухалъ, ссандаса гIодобеги далун, хIетIе бухьараб кварги горбоде ккун, талихIалъ гъанкъичIого хутIунги батана бурутI. Гьелдаса нахъе гьениб тезеги кIвечIого, цадахъ рокъобего бачунаан.

Нижер мадугьалихъ рукъккун рукIана батIияб росулъа хIалтIизе рачIарал учительзаби. Цонухалъ дарсида дунги диргун рукъцурай мадугьалги гIиссинккун гаргадулел рукIана. Гьеб мехалъ нижеде учитель вагъана ва абуна «цо бурутIгун расандулел рокъорги, тIохазде рахунги заман инабулел рукIуна ал кIиялго. Анибги бицун лъугIулареб жого щиб азул букIунебали, лъаларо, рахъая, цо-цоккун дарс бицине» – абун. Нижер цонигиялда гьеб дарс битIун бицун бажаричIо. Гьеб мехалъ эбел-инсуде гIарз бахъизе бугиланги лъазабуна нижеда учителас.

Лъаларо, гьес гIарз бахъанищали, рокъорги бурутI сабаблъун диде гьабулел гIайибал гIемерлъулел рукIана. Лъил пикру бергьарабали дида лъазе кIвечIо, амма дидаса балъго буртIие хIукму къотIун батана:

Рагьун кавугун жаниве лъугьун вачIана кIудияв вацги гьесулго гьудулги. Гьел дидаса анцIгониги соналъ кIудиял рукIиналъищали, гьезда данде рагIи абизе кIал рагьизе дида кIвечIо, берда цебесан бурутIги бачун, гьел унелъул. Дидани абуна, магIарде гIиязулъе битIулеб бугилан, тIадбуссун бачIараб мехалъ, гьелъ дуе цойги буртIалги гьарилилан.

Дир ракI тIун анин ккана дида. Гьелъ гьарурал буртIаздасаги дие дунго ругьунаб ГьитIинай хирияб букIиндалха. Гьелъулгунлъидал дир гьудуллъи ккун букIараб, гьеблъидал дица рахьги кьун хьихьун, гIезабун букIараб. Гьеблъидал дунгун басандулеб, гIебса-гIебса кIанцIолаго, лълъадае аниги, тукаде аниги, кидаго дида хадуб бачIунеб букIараб.

Дун чанги гIодана, дидаго ццинги бахъунеб букIана, щай дун, карандеги къан, биччазе гьечIин дир бурутI кибего абун, тIирун чIечIей? Щай, гIодун, чIичIидун, мадугьалихъе ахIи бачIеб? Дидаго цадахъ гIодизе дирго гьудулги ячIине йикIиндал! ГьелъулгIаги дие кумек щвезе букIиндал. Дирго инсуцагIаги дир рахъкквезе букIиндал?!.  Пайда щиб, кватIана. ГIакълу гIечIо гьедин гьабизе! Дида ккана дун дир бищунго божараб гьудулалъе хисанилан, хиянатлъанилан, кигIандай диде ракIхун дир бурутI букIарабилан.

Заман анагIан дир зигардиги барщариги цIикIкIунеб букIана. Дица инсуда гьарана дир буртIил хIакъикъат лъазе бокьун бугин, дие гьеб макьилъ бихьизе жо хъвайилан. Эмен цин гьимана, цинги дица абуралда разилъана.

ХъахIаб ххамилълъги жемараб жо инсуца дихъе кьуна, кваранаб гIинда гьебги бухьун, кьижайиланги

малълъун. Дица инсуца абухъе гъабуна, амма дида лъабго сордоялъ кьижанин абизе, бер данде бачизе кӀвечӀо. Рогьалилълъ гъапуллъун ккедалги, школалде кватӀулей йигилан, тӀаде яхъинаюна дун. ТӀокӀалъ дица доб дугӀаги гӀинзукь лъечӀо, вацасде бугеб ццинги къулчӀун, гьесги гьесул гьудуласги шашликӀал кванан ратизе ругилан жанибго хӀукмуги гьабун, гӀенеккун чӀана. Киндай гьеб гӀадамил лъимер гӀадаб жоялъул горбода нус банаян, рекӀелъа гурхӀел лъугӀулароан.

Долдаса нахъе чан сон сверун батаниги, гьаб жакъа къоялъги дида дир буртӀил къисмат лъазе кӀвечӀо. МагӀарде гӀухьбухъе щвезабунилан гьедана вац. Амма бурутӀ тӀад буссинчӀо. Лъаларо, бацӀида дир цого-цо букӀараб бурутӀищ гӀиязда гъорлълъ батӀа бахъизе лъарабали. Яги дидаго лъачӀого цӀцӀаназул рехъен гӀун, бегелъунищ дун йигеяли!



Наби ГІисаев

# Кетуги гІомоги



Рокъоб, гІодобе бортун,
ГІомо гирулеб буго,
Гулла гІадинан бачІун,
РечІчІана гьелда кету.

Цин бокІниде хъамуна,
БакІида гъоркь бахчана,
Гьениб гІодобги бегун,
ГІомогун басандана.

ГІомо бич-бичун ана,
ГІодоб бакІ цІезабуна,
Ма, дуе! Дагь-дагьккун квар
Катида тІад жемана.

Кумек щвечІого пакъир
ЦІакъ рахІатхун лъугьана,
Халит тІаде щвелалде
Мимидулеб хутІана.

Гьев катие рахь кьезе
СуркІа босун вачІана,
СихІирго кун жемараб
Катихъ балагьун чІана.

Цинги кодойги босун,
Кун бичун, биччан тана,
Гьев тІаде ккечІевани,
Катий щибдай ккелаан.

# Хасият хисе, ГІумар!

КІалъан чІоларо ГІумар,
ГІунгутІаби, гъалатІал
Цогиязул рицине
Гьасие цІакъ бокьула.

Дарсида учителас
БадичІвайцин гьабуна,
Гьалмагъзаби какулеб
Квешаб гІамал тейилан.

Нилъер гьитIинаб росулъ
Дуца кIал щвезабичIев
ЦогIаги вас яги яс
Ратизе захIмат буго.

Киназдаго цеве Шах
Нечезавизе ккани,
Кинаб гIилла, щиб гIайиб
Шахвеледил батараб?

Цо дур гьечIеб тарбия,
ГIисиназде вагъизе,
ГIаличул тIагъур бахъун,
Дуца гъоркье хьуризе.

Эбел-инсуй бокьула
ЦIалулъгин гIадлуялъулъ
ГIадамаз мисалияв
Вас вугилан абизе.

Бокьараб гьабичIого,
ГьитIиназде щагъадун,
Щибаб къо гьедин ани,
Ахир лъикIаб ккеларо.

АхIмадил НурмухIамад
Херав Рамазине
Ведроялъ лъим босанин
Дуца гIа-хочI гьавуна.

Гьаниб бегьулареб жо
Щибго дида лъаларо,
ЛъикIаб иш гьабун буго,
Баркала Нурикие.

Жавгьарат – кIодо цIерда
ХъущтIун, гIодое ккедал,
Мун вагъаричIо, кумек
Камилица гьабуна.

Кинав вас дур лъугьинев
Абизе захIмат буго,
ЗахIмат кьун дудаго тIад
ХIалтIани хIасил ккела.

Бищун цебе хасият
Хисизе хIажат буго,
ХIадисал цIале: гьезги
ЦIикIкIараб пайда кьела.

Къадада чIвараб сурат
Гурелъул инсан, ГIумар,
ГIайиб гьечIев чи дунял
Сверунги ватиларо.

Гьаб кечIги дица хъвана,
Мекъал гIамалалги тун,
ГIадлу, тадбир бугев вас
Дур вахъине хьулалда.











**Гумбет районалъул Искусствалъул школалъе нухмалъула ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас. Хореографиялъул отделалда лъимал сурат бахъизе, рукъаризе, угьаризе, хьухьаризе ругьун гьарула Нуцалай ГIабдурахIмановалъ. Щибаб байрамалъулаб тадбиралде хIадурула районалъулги республикаялъулги даражаялъулал выставкаби.**







*Суратазда: лъималазул батIи-батIияб махщел бихьизабулеб выставкаги, гьезие кьурал шапакъаталги, балагьизе рачIарал районалъе нухмалъулелги, цогидал гIадамалги.*

Патlимат Мухlамадова

# Нухда батараб жо нахъе кьезе ккола



Школалдаса рокъое ячIунаго, Паридада, цо хъархъида тIад кунчIулеб жо бихьана. Гьей цин ине лъугьана, хадубги тIадйиссун, хъархъида аскIое щвана. КунчIулеб жо щибдаянги абун Паридаца гьеб квер бегьун кодобе босана. Багоха, тIад маххалги рукъараб кошелок. ЯхIго гьабизе кIвечIого, рагьун жание яккана. Парида йиххун ккана. Гьелда жаниб гIарацги аскIобго меседил баргъичги бугоан. Парида цинтIаго ахIтIезе лъугьана: «Бортарав щив?!», «Бортарав щив?!» – абун. Щиб гьабилебали лъаларей Паридада данде кIанцIун вачIана Камил.

– Йо, гIабдал, ахIтIоге! ГIакIа ахIизе кколаро гьединаб жоялъе.

Парида кIваркьун Камилихъ ялагьун чIана:

– Ле, ахIмакъ, бетIер сверунищ дур бугеб? Чидар жо чидае тезе ккола.

– ГIарац нилъеего теха. Баргъищ кьураб гIоларищ гьезие. Нилъеего конфетал, мороженое, къваригIанщинаб босизе щвела, гIабдал, – ан зурзудана хьобохъги чIун, Камил.

– Дица кошелок бетIергьабазухъе кьезе буго. Вассалам-вакалам! – илан тIирун чIана Парида.

Нахъияб къоялъго Паридада кошелокалъул бетIергьаби ратана. Анлъго лъимадул эбел Аминатил рохалие гIорхъи букIинчIо.

– Вай, дир яс, бусурманал эбелинсул иман-яхI бугел лъималги рукIинарищха. Киналго лъала гьадинаб жоялдалъун. Баркала, дир яс, кIудияб... Мун гIадал рацIадал, яхI бугел ясал гIемерлъаги нилъер росулъ! – илан гьара-рахьиялда йикIана Аминат, Парида рикIкIадегIан щвараб мехалъги.

# Салимил гьунар

ХIорил рагIалда чIун, къвакъвадилеб бугоан цо кIудияб къверкъ. Цояб рагIалдаги чIун, Салимги вугоан къоркъоца бачунеб бакъаналъухъ гIенеккун. Циндаго нахъехун валагьидал, Салимида бихьана къоркъое чан ккураб ордек. Хехго тIадеги вахъун, ордек нахъе гъезе унев Салим, цинтIаго хIетIеги хъущтIун, тарун хIорбакьулъ речIчIана. АскIосан уней ХIалиматида вихьун, гьелъ бараб ахIуде годикIанир гIодор чIарал гьеб параялъ хIорил рагIалде щвана. БетIер гурони тIаде баккараб бакI букIинчIо Салимил. Гьеб бихьун, Расул, партал бахъизецин заман гьечIолъиги хIисабалде босун, вас хвасар гьавизе хIориниве кIанцIун виччана. Гьеб параялъго, хапун Салимги кодов ккун, хIорил рагIалдаса тIаде вахана. Хаслихълъиялъул квачараб къо букIиналъ, гьезул черхалда сири бараб гIадаб хIал букIана. Бихьиназда гьоркьоса цояс, хехгьабун, Салимил чехьалда кверал цун, кIалагъоркье гьавун,





лълъим къватIибе кIанцIизабуна. Салимица хIухьел цIана.

ГIодилаго ячIун, Салимил эбел ПатIиматги васасда тIад хурхана.

– Вай, дир беразул канлъи, каранзул ракI! Аллагьас гIумруги, сахлъиги, талихIги кьегиха дуе, Расул, нижгIан Аллагьги разилъаги дудаса! Дуца хвасар гьавуна дир вас жакъа. Дир гьав цохIо вугев маулхIаят хвасар гьавуралъухъ, дун налъулай йиго нужер хъизамалъего. КIудияб баркала дуе!

Салимги рекIеда ватарав гIадин, тIуркIун вачIана:

– Баркала, Расул-даци, дуе,– ян бабадилаго абуна гьесги.

– ГьитIинаб мехалъго лъола кIудиял ищазде гали. Салим, мун лъикIав вас вахъине вуго. Баркала асиеги кьезе ккола, гьитIинаб рухIчIголъицин хвасар гьабизе бокьун бахъараб яхIалъухъ, – илан абуна Расул-дацица.

# Дир къо

Бакъан ТI. Къурачевасул

РагIаби ГI. ХIажагIалиевасул










1. Сундулъго бокьула ритIугьлъи дие.
Сундулъго бокьула божилъи дие.
Баккила, баккила метерги дир бакъ.
Метерги кунчIила дир хIасратаб шавкь.

П р и п е в:
БачIина, бачIина, метерги дир къо.
Ват1анги боххараб, дунги воххараб.

2. ХIалтIуде унелъул рорчIамийлан
Цин – цояб рахъалде абила дица,
Данде жавабалъе саламалги кьун
Жидерго ишазде ина гIадамал.

П р и п е в:
БачIина, бачIина, метерги дир къо.
ВатIанги боххараб, дунги воххараб.

# ГІакъилзабазул къиматал пикраби

***

Лъаялде гъира гьечІев цІалдохъан – куркьбал гьечІеб хІанчІида релълъуна.

***

ГІедегІун гьабураб хІалтІул гІумруги къокъаб букІуна.

***

Хъвараб жо нахъе гьечІев гІалимги пихъ кьолареб гъветІги цого жо ккола.

***

Дунялалда щибго даимаб гьечІо,
ЛъикІаб цІар хутІани – гьелъий хвел гьечІо.

*(СагІади)*

***

ГІемерго ццидае эркенлъи кьейги – чидар гІайибалъе гІоло дуцаго дуего гІадлу гьаби ккола.

***

Цогидазде гІемер гІайибал гьарулев чи, жиндего гьабураб гІайибалъе мукІурлъизе кІолевлъун вукІине ккола.

*(Свифт)*

***

РагІаби гІакълудул каваби ккола. Гьел кидаго рагьухъе тани, гІакълу гьенисан къватІибе чвахххун уна.

***

Сундулъго рохел батизе лъай – талихІаллъун лъугьине лъай ккола.

***

ГІемер гьабулеб лъикІлъи квешлъиялде сверизе бегьула. Цин гьеб гьабилалде, лъикІ ургъизе лъикІ букІуна.

*(Хун Цзычен)*

***

Бищунго лъикІ балъголъи цІунулевлъун ккола гьеб балъголъи дуца жиндие рагьичІев чи.

***

Тохтурасул разияб гьумер – унтарасул живго сахлъиялде бижараб хьул.

*(Рохас)*

***

ТалихІ гьаваялдасан бортун бачІунаро – захІматалдалъун батула.

***

Азарго гьудулги – дагьав, цо тушманги – гІемерав.

*(Рудаки)*

# Ваулъиялъул адабият

Лариса Абдуллина

## Сайгъат

Дие бокьараб нуцIа
Рагьула рахьдал мацIалъ,
ХIажалъани, цIунула, –
Къолденлъун дие чIола.
Гьелъул шибаб рагIиги
Дий гIагарлъилъун ккола,
Гьелдалъун рогьел лъала,
Гьелдалъун къо гвангъула.
Дир рахьдал мацI – дир гьудул,
Мун дир ракIалъул кIутIи.
Дун борхалъуда лъураб –
Эбелалъул сайигъат.

## Азамат росулъе инехъин вуго

Азамат къачIан вуго,
Чармил чодаги рекIун,
Росулъе инейилан,
КIодохъе щвезейилан.

ГIанкIутIинчI чIикI-чIикIилан,
«ГIемер балагьун чIезе
Дир сабру гIоларо» – ян.

Бачилги мумуй буго,
Жал гьесухъ урхъун ругин,







Кетуги мимидула,
Дов хехго щоларищан.

Тагьиги хIихIидула,
ХIазе гьев къваригIунин,
Гургурги гаргадула,
Дов кIудав гIун ватилин.

Таращ хIапдолеб буго,
Свак лъачIого вачIайин,
Росулъ гьесде киналго
Кидал щолеван руго:

«ТIоцересел къоязго
ВачIинилан вукIарав,
Анкьабилеб къо щвана,
Щиб гьабулев ав вугев?!»








РукIанила, рукIинчIила цо церги, циги, бацIги – къайицадахъал. Гьезул бекьаризе цо гамущги букIанила. Кутнада гьадаб гамущги бан, МукIучIиханасул ракьалда рекьарилел рукIанила ихдал гьел. Рекьи лъугIараб мехалъ кванииеян абун, гьаз цо хъаба гьацIулги, цо хъаба нахулги, цо хъаба урбадулги танила рокъоб – жидерго къавулъ бахчун. Рокъор ругел хъубуз рахIат хвезабун букIанила царал. Гьабизе хIилла ургъулаго, кIиго-лъабгоги къо банила гьелъ.

Цо къоялъ тIадран рекьурулаго, гьазда аскIосан цо чи унев вукIанила, ахIулаго кечIгун, гьазухъги бала-гьалагьулаго. Цица гьикъанила, я лъачи, гьав чи щибизе ахIодеван абун. Дун инагури цIехезе гьабсагIаталъанги абун, бортун анила цер. Цевеса чиги тIерхьанила, хадубго церги тIагIанила.

Цо заманалдасан баккунги бачIанила цер бигьа-гьабун, цIакъ ургъелги ккун.

– Щиб лъугьараб, щай ургъел чIвараб? – ан гьикъанила цица.

– Лъугьараб жоги нилъ киналго рохизе гIадинаб буго, амма дида тIаде ккараб намус буго кIудияб, – абун жаваб гьабунила цараца.

– ВахI, нилъ киналго рохулеб, мун пашманлъулеб жо щиб гьеб? – ин гьикъанила бацIица.

– Нилъер гьав МукIучIиханасе вас гьавун вугин абун, рохел бицине вачIун вукIун вуго гьадав чи. Гьев васасда цIар лъезе дунги ахIулеб буго. Гьанже гьесда лъезе цIар батуларого, буго дир яхI хун. Лъаларо, инего инчIогойищ чIелебали, – ян абунила цараца.

– Воре, воре, инчIого бегьиларо, гьосул ракьги бекьун, цIар лъезе ахIараб мехалъ, инчIого бегьулеб жо гуро, – ян абунила бацIицаги цицаги.

Хьвархьвалаго анила цер, гьезда бихьулебгІан бакІалдасан. ГохІги бегун, хъархъазулъе ккейгун, лъикІго бекеранила цер. Рокъобе щварабго гьеб лъугьанила гьоцІо-нах чІикІизе. ЛъикІ лъабалдаго тІасаги чІикІун, нахъеги щула гьарун кІалтІабигун гьелги тун, билълъанила нахъбуссун, ахІулаго кечІгун.

Гьеб тІаде щварабго, цІеханила цицаги бацІицаги, цІар щибин лъурабин абун.

– «КІалтІубахъ» абун лъуна, – ян абунила цараца, щибниги нечечІого.

ЦІакъ лъикІаб цІар лъун бугинги абун, гьал хъваштІан рекьаризе лъугьанила.

Нахъияб къоялъ бала-гъалагьулеб букІанила цер рахъ-рахъалде. Вихьанила гьалда цІакъго рикІкІадасан унев цо чи. Валлагь, гьав чи дида хадув вачІунев чи вугоянги абун, бекеранила цер, циги бацІги хадур ралагьунги тун. ГохІда нахъаги тирун, нахъбуссун бачІанила гьеб.

МукІучІиханасе цоги вас гьавун рагІула. Гьесда цІар лъезе кколин дицаян хабар бачІун буго ханасул абун, цІакъ ине бокьуларого гІадин, зигардизе лъугьанила цер. ИнчІого бегьилароянги абун, цицаги бацІицаги балагьизабунила цер.

Бохуца холаго анила цер, бокьулареб ххвелги гьабун, амма гохІда нахъе щварабго, ххазабунила гьелъ. Рокъобе щварабго рагьанила гьелъ лъабабго хъабаялъул кІал, лъугьанила чІикІаризе, танкан бакьулъасаги эхере ккезарунила хъуби. АхІулаго кечІгун билълъанила гьеб, бигьа-гьабун, къайицадахъазда аскІобе. ТІаде щвейгун гьез цІеханила гьалда цІар щибин лъураб абун.

– «Бакьхен» абун лъуна, – ян бицанила гьалъ.

Лъабабилеб нухалъги анила цер, гьадавго МукІучІиханасул васасул багьанаги батун. Лъабабилеб нухалъ цараца лъабабго хъаба бацІцІад гьабун гІодоб лъунила. Нахъбуссун бачІун, къайицадахъаз цІар щибин лъураб абун гьикъараб мехалъ, «ТІагІен» абун лъунин абунила гьелъ.



Рекьиги лъугІун, паракъалъун рилълъанила гьал рокъоре; цидаги бацІидаги гьоцІо-нах, урба чІикІизе ракІалда бугила, киндай гьеб хІиллаялдаса чІвачІого борчІилебан царада ракІалдаги бугила.

Щванила рокъоре, росанила цере хъуби, ругила гьел чІорого.

Цер, квалквадилел гъол рукІаго, тІурун биччантанила, хадур ралагьун къайицадахъалги хутІанила.

*(Хириял лъимал, нужее тІадкъай: маргьа цІалун хадуб, циги, бацІги – хурир рекьарулел, цараца хъуби чІорого гьарун чІикІулеб – кІиго сурат бахъева гьел, нужерго цІаралги, школаги, классги баян гьабун хъван, нужерго «Лачен» журналалда рахъизе ритІе! РитІизе бегьула цоги маргьабазе данде кколел сураталги).*

# Дир Дагъистан

Дир гьитIинаб Дагъистан,
Мун дир гьайбатаб ВатIан,
Дица бечелъиялъухъ
Мун лъийго хисуларо.

Дир берцинаб Дагъистан,
Дур рохьаз, мугIруз, гIораз
Дур рорхатал кьурабаз
Дун пана гьаюн йиго.

Дир хирияб Дагъистан,
Мун дир мугIрузул улка!
Дур цIар рагIарал васаз
ЧIухIизабун буго мун.

Шамил имамгун ХIамзат,
ГъазимухIаммад, МахIмуд,
ЦIадаса ХIамзат, Расул...
ЧIухIула дун, Дагъистан!

Салманова Батули,
*6 класс*
*Унсоколо район.*
*Рихьуни росу.*



# Сайигъат

## (Дир тIоцебесеб хабар)

Жеги эбел-эмен кьижун рукIадго, бусадаса тIаде вахъана байбихьул классалда цIалулев ГIабдула ва хехаб къагIидаялъ ретIелги ретIун, гьезда рагIуларедухъ къватIиве лъугьана. Гьанжего-гьанже рогьун букIана дунял. «ГIазим вахъун вугодай? КIодо сапаралде иналде, гьев вахъинавизе ккола» – ян пикраби гьарулаго, ГIабдула гIелбашадав мадугьал ва гьудул ГIазим вахъинавизе вилълъана.

ГIазим абуни, сон гьабураб къотIиялда рекъон, цудунго тIадеги вахъун, кавудул кIалтIа чIун ватана.

– БоцIуе рагIи-хер базе эбел индал, гьелда вихьичIого, талихIалъ, къватIиве ворчIана дун, – ян абуна ГIазимица, – гьанже нилъ хехлъи гьабун дур кIодо сапаралъ иналде гьелъухъе рилълъине ккола.

ГIабдулал кIодол мина-бакI цогидаб авалалда букIана. Гьел гьелъухъе щварал заманалда кIодо гIака бечIчIизе ине хIадурлъулей ятана.

– Вуй, нуж лъица толарого ругел, дир лъимал, гьаб рогьалилъго дихъе рачIине. Ккараб-тараб жогIагицин гуриш бугеб? Эбел-инсуда лъалелебишха, ГIабдула, нуж дихъе араблъи? – ян, тамашго гьезухъги ялагьун, абуна кIодоца.

КIалдиб лъим босарал гIадин, лъимал гIенеккунги чIун, гьезул берал кIваркьун ралагьун рукIана горда лъун гIезарурал, рукъалъул тIугьдузухъ.

КIодол рукъалъул кIиябго гордо цIун рукIана гIиссинал бархъалисазул шагIил хъубузда жанир рижарал батIибатIиял берцинал тIугьдуз. Рукъалъул тIугьдул гIезаризе цIакъ бокьулей гIадан йикIана гьей. Лъималазул тIугьдузухъ ралагьун ругел рахIатхварал берал рихьидал кIодоца абуна: «ГIабдула, цосина жакъаги мун тIугьдузда хадувцин гуриш вачIарав?

– У, баба, – ян хIеренго абуна ГIабдулаца. – Нижее гьениса тIун цо-цо тIегь кье, баба.

– Вай, дир вас, бегьуларо гьездаса тIегь тIезе, дол цинги ракъвала, – ян гьел тIаса рихьизе бокьун жаваб кьуна кIодоца.

– Гьездаса тIезе бегьичIони хъабагун цадахъго кьеха нижее.

– Кьеларо... нужеца гьел гIадада хвезарула, – янги абун жиндирго ишалде юссана кIодо.

– Баба, дуе бокьараб хIалтIиги гьабила, бокьоса ракги бахъила нижеца, дуе сахлъи кьеги кье, баба, – ян абуна ГIабдулаца, гIодизе къачIарав гIадин, кигIан ГIазимидаса нечаниги.

– Хехго рокъоре а, нуж цIехолел эбелал ратизе руго. Дун нужеде регIун гьечIо, гIакаги беччIун дун дирго хъулухъалъ АнсалтIе ине ккола, – янги абун гьелъ лъимал рокъоса къватIире регIана.

Лъималазда бичIчIана кIодоца, кигIан гьараниги, тIугьдул кьезе гьечIеблъи ва гьез хIукму гьабуна гьей бокьое инегIан рахчунги чIун, жидецаго росизе. ТIугьдузе гIоло гьаб рогьалилъ тIадеги рахъун, гьел гьечIого тIадруссун рокъоре ине бокьун букIинчIо гьезие. Бокьун букIана кIодохъа тIугьдулги росун, жидерго улбузда 8-абилеб март баркизе. Бихьиназ гьеб байрам руччабазда баркизе ккеялъул рахъалъ школалда учителас гIемер бициналъ гъира базабурал гьел васазе бокьун букIана, цого-цо жидее бищун хирияй чIужугIадан – эбелалъе тIугьдулги кьун баркизе.

КIодо бокьое индал лъималаз тIугьдузул гьитIинал, берцинал хъабаби къватIиреги росун, рахчизаруна ва гьей гIакаги бечIчIун тIадюссинегIан, кьерунги чIун, гьелда хадурго

жанахIалъуре жанире лъугьана. Ясалъул вас ГIазимгун цадахъ тIадруссун рачIиндал, рокъоре щай инчIел абун семизе лъугьана кIодо.

– Баба, мун тIасалъугьа, дуе гьереси бицине бокьун гьечIо... дур къарумлъиялдаги ракI бухIун, тIугьдул нижецаго росун рокъоре щвезаруна, – ян абуна ГIабдулаца хIалимго.

Гьей цо параялъ горда ругел тIугьдузухъ ялагьана ва гьениса кIиго гьитIинаб тIугьдузул хъуби камун рукIин рихьидал, ццим бахъун, васазде ахIдезе лъугьана.

– Гьеб хIалалда, рикъизегIан сундуе хIажатал нужее гьел рукIарал?!

– Баба, кIочониш тараб дуда, жакъа микьабилеб март руччабазул байрамалъул къо букIин. Баркула дуда гьаб байрам къо, гьарула дуе щулияб сахлъи, рохел ва талихI! Духъан росарал гьел тIугьдулги кьун, дир гьудул гьав ГIазимиеги диеги бокьун буго улбузда гьаб байрамкъо баркизе.

Ясалъул васасул гьеб кIалъаялъ кIодол ракI хIеккинабуна ва каранде гьевги къан, хIеренго абуна:

– Вай, дир вас, кIодол бетIер сверун букIун буго, дида гьеб ракIалдацин букIинчIо. Дуца гурони гьеб байрам баркулев чи дир гIумруялъги ккечIо. Баркала буго, дир лъимал, баркиялъухъ... А, нужерго улбузда баркизе ва тIугьдулги дица кьунин абе.

КIодоца кампет-чакарги кьун, нухда лъуна рохелалъ кодоре росарал васал.

Берцинал багIар кьерал тIугьдузул хъубиги росун, васал 8-абилеб март баркизе рачIиндал, улбузул рохалие гIорхъи букIинчIо. Гьез, каранде васалги къан, гьезие баркалаги кьун, гIисинккун щурана:

– Баркала, дир вас, лъикIаб хвел гьечIеб чIагоял тIугьдузул сайгъат буго гьаб, – ан.

*Гьаб хабар хъвана дица дун 9 классалда цIалулеб 1965 соналъ ва гьебго соналъ 8 марталде хурхун районалъул газеталдаги бахъана.*

**Салман ХIасбулаев**
*Болъихъ район, Шодрода росу.*



# Дидактическиял хIял
## (байбихьул классазе)

Учитель Сарат МухIумаева

### «Болъаби цIе»

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| гь | | | | | |
| гь | | | | | |
| гь | | | | | |
| гь | | | | | |

### «Дандияб бате»





Кьода гъоркь …… къвакъвадана.

Хадижатица бабахъе ….. босана.

ХIамзатица дадахъе …. кьуна.

Асиятица гьуинаб … квана.

ХIанчIил …. бекун буго.




# Расандулаго рикIкIунел кучIдул



***

Дикьа къур, къеда кIус,
Къаси гьабе гIатIал карщ,
Дунги ахIе чIикIизе
ЧIикIва-гъудалги росун.

***

Адик, дидик,
Бидан далик хасреба,
Умма халик, жалтIа халик,
Жибир дилик, дандалик.

***

ГIанке, танке, тумал рахун эхеде,
Хундерица бачун араб,
Черкесаца хъамун араб,
Алиманил сверелалда,
Сулейманил мехалда.

***

Амина, замина,
Бузур хъузур, хъанза-манза,
Хъаравуласул кIалтIа
КIихI-кIухI.

***

**Гьадабе кIанцI, гьанибе кIанцI,**
**Маххуласул хурибе кIанцI,**
**Херав дадал гьорове кIанцI,**
**ТIадмагъилъа гъоркье кIанцI,**
**Гъанбулатил рокъоб кIанцI,**
**Рукъиятил рагьде кIанцI,**
**Разиятил бокьов кIанцI,**
**Ражабиласул чIалде кIанцI,**
**ЧIалдасесул гъасде кIанцI.**

***

**Адин наку, додин наку,**
**Данде гIучIал бичIан наку,**
**Гьалъаб сагърал сакIил наку,**
**Ссанда мокъокъил наку,**
**Къеда тIутIазул наку,**
**ТIохда хIанчIазул наку,**
**ХIорда къуркъбузул наку,**
**Къадалъ борхьазул наку.**

***

**Чаргъедо, чаргъедо,**
**Чара хвараб рачIчIхалат,**
**Дир ГIалиги гIияда,**
**ГIалил лъимал рехъада,**
**Дур бусенги меседил,**
**Боснор ханал маргъалул.**

***

**Мокъокъ буго къвакъвалеб**
**Къасде берталъейилан,**
**ГIанхва буго гвагвалеб**
**Дунги цадахъ бачеян.**

***Рицана БуцIраса ГIиса ГIисаевас.***





# Школаздаса харбал

**Шамилхъалаялъул школалъул 4 «в» классалъе щварал шапакъатал-грамотаби. Гьебго школалъул гьебго классалъул цIалдохъан Нуричуева Хадижатие щварал грамотабиги гьелъ бахъараб учительницаялъул суратги.**






Грамота
награждается
Магомедхайрова Рукъайя Магомедовна из с. Ашильта
занявший 3 место
в районном конкурсе среди детей на знание истории из жизни из трёх имамов Дагестана
Руководитель Отдела Просвещения МРД по Унцукульскому району
Халид Пайзулаев


ГРАМОТА
За отличное завершение I четверти награждается ученица 1 „В" класса Магомедхайрова Рукайя.
Кл. рук. Магомедова С. С.


ГРАМОТА
Награждается ученица 3 „в" класса ШСОШ Нуричуева Хадижат, занявшая I место в конкурсе чтецов
Кл. рук. Магомедова С.


ГРАМОТА
За отличное завершение первой четверти награждается ученица 1 „в" класса Нуричуева Хадижат Ю.
Кл. рук. Магомедова С. С.


ГРАМОТА
Награждается Магомедхаирова Рукайя, ученица 3 „в" класса МКОУ „Шамилькалинская СОШ", занявшая I место на конкурсе чтецов, посвящённом Дню матери
Директор Газимагомедов Г. Г.
2020 г


ГРАМОТА
Награждается Нуричуева Хадижат Юсуповна, ученица 4 „В" кл. ШСОШ, за отличную учебу и активное участие в жизни класса и школы.
Кл. рук. Магомедова


Сочинение
Дие бищун йокьулей учительница.
Дун йикIана анлъго сон барай гьитIинай гIадан, школалде ячуней мехалъ. Дида лъалароан хъвадаризе, цIалдезе, квешаб лъикIаб батIа бахъизе. Тоцее йихьарайго рекIее гIуна дие дир учительница. Тоцебесеб классалдаса нахъе дида гьелъул малъараб гьабуна, гьелъ малъараб босана. Гьелъ малъана дида цIалдезе, хъвадаризе, гIахIиязул, гIисиназул адаб гьабизе. Дие цIакъ йокьула дир учительница. Гьей нилъго херенай, берцинай, лъай бугей гIадан. Исана дир ункъго класс лъугIула ва тIокалъ дир учительницаялъ нижее дарсал кьезе гьечIо. Амма дида кидалниги кIочене гьечIо гьейги гьелъул дарсалги.
Шамилькалинская СОШ
4 „в" класс Нуричуева Хадижат Юсуповна 10 сон.








Саида Султанова

# ТІоцеесей мугІалим



ТІоцеесей мугІалим – ракІиялъул берцинлъи!
Гьелъ жанибе бачунеб магІнаялъул гъварилъи!
ТІоцебе квералги ккун хІарп малъарай гьей ккола,
ТІоцебе гІумруялъул дарсал кьурай гьей ккола!
ТІоцебе эбел гІадин , ботІрода кверги бахъун,
Нахалда убач гьабун, рокьи кьолей гьей ккола!
Ункъго сон гІумруялъул гІемераб гьечІоноги,
Гьеб рекІелъ хутІуледухъ, гьумер кьолей гьей ккола!
Цоязул магІу бацІцІун, цоязул мегІер бацІцІун,
Цоязул,гІодой къулун, хьитида чІалал рухьун!
Цоязул замок харцІун, цоязул гъалал хьухьун,
Цоязе эбел хисун,хинал рагІаби рицун!
Ункъабго сонги лъугІун тІадехун ананиги,
Эзул гІунгутІабазул гІайибайги эй ккола!
ЛъикІал эбел-инсуе лъикІайлъунги гьей ккола,
Квешазе – рекъезегІан къулулейги эй ккола!
ТІоцебесей мугІалим – гьелъул магІна биччІизе
ГІемерал сардал-къоял гІумрудул къваригІуна,
Къад къоялъ лъимал куцан,
Къасде тетрадьгун хІалтІун,
Гьелъул тІомолъ лъвинчІесда мугІалим вичІчІуларо.

УЧИТЕЛЬ

Рачлихъан таманча борчичІониги,
Учитель, мун вуго гъазаваталда,
Чарамул къолдаби ретІинчІониги,
Ракълил къеркьохъанлъун вуго мугІалим.
Дуе памятникал рачІонаниги,
МустахІикъав вуго мун рецц-бакъалъе,
Къадруял медалал тІад рачІониги,
Рекъараб цІар буго дуда – «Учитель».
Нужор гІумруялъул хІакъикъат бицун,
ТІахьал рахъулев чи къанагІат вуго.
Гьабулеб дур лъикІлъи бихьананиги,
БахІарчиясул цІар цІакъ дагьаб буго .
Щивасул гІумрудулъ гІахьаллъи гьабун,
ГІадамазул нухде вачуна дуца,
Щибав цІалдохъанги лъимерлъун бихьун,
Лъалебщинаб гІакълу малъула дуца.
Дур бищун кІудиял шапакъаталлъун,
«Баркала», «Баркала», «Баркала» буго,
Баркала гьелъухъги! Гьебги гІолелъул,
ГІадамазда бичІчІи – кІудияб талихІ.



*Шамилхъалаялъул школалъул авар мацІалъул учительзаби*




Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

1/2022

январь – февраль

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информации и печати
Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов

Формат 60х84 $^1/_8$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,31 .
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 18.02.2022 г.
Тираж 1033 экз.
Заказ № 1172.

**Типография:**
ООО «Издательство «Лотос».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение
Республики Дагестан «Редакция
республиканских литературных журналов
«Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.